DËGG YU YOMB
ŋir
ÑI DOGA GËM

(Làacc ak tóontu)

ÑIARELU EDITION
VERSION 2.0

Ca kanam

Ay att ci ganaw, mbótaayu Yàalla dañe dane faral di jëfëndiko ay làacc ak tóontu yu bari ŋir dimbaléen ñu jaŋal ñi doga gëm ay dëgg yu gënn am solo ci ñom. Téerée bi dina joxee dëgg yu ame solo yoyu xéetu mbótaayu bu bées bi tópu Yeesu.

Téerée bi amna 144 làacc ak tóontu .Làacc bu néekk day topantee ak tontóom.Tóontu bu néekk day topantee ak ay tanéef yu jugee ci Kaddu gu séell gi. Tanéefu Kaddu gu séela gi bu neekk ëmbena turu téerée bi (ci missal : Genesis). Turu téerée bi day topantee ak xëtt bi tanéef bi jugee (ci missal : xëtt 2). Li ci topp móoy saar bi wala saar yi tanéef bi jugee (ci missal : Kaddu 3). Maname xëttu Genesis niàar ak sàar ñeett day niru lii : Genesis 2:3.

Ki ko meegëlee móoy :
www.clearandsimplemedia.org

So bëggee am téerée bi ci sa nosukàay, deemal :
www.asimpleword.org

Ki ko firi móoy:
www.christian-translation.com

Yéenn tóontu yi dina am ay dagitu bàat (ci missal : Q.4).

PACC BENN
YÀALLA AK NIITT
Làacc 1 ba 26

PACC ÑAAR
BAKAAR* AK YOON*
Làacc 27 ba 62

PACC ÑEETT
KRISTA AK MUSLU*
Lacc 63 ba 90

PACC ÑEENT
XEEL AK JÀNGU
Làacc 91 ba 117

PACC JUROOM
JULLI AK YAKAAR
Lacc 118 ba 144

So gissé mandàrga bi*, day wanee ni bàat bi am mandàrga bi mënn ŋa ko gis ci Alluwa Tuur bi néekk ci jéxantalu téerée bi

PACC BENN

YÀALLA AK NIITT

Q.1 Ku la sàakk ?
A. Yàalla moma sàakk.
Genesis 1:26-27; Genesis 2:7; Acts 17:26

Q.2 Leenéen lane la Yàalla sàakk?
A. Yàalla mo sàakk léepp.
Genesis 1:31; Psalm 33:6-9; Colossians 1:16-17

Q.3 Lu tax Yàalla sàakk la ak leenéen leepp?
A. Yàalla sàakk na ma ak leenéen léepp ci ndamu* bopam.
Psalm 19:1; Isaiah 43:7; 1 Corinthians 10:31

Q.4 Nane ŋa mëné djox Yàalla ndamam*?
A. Ma ngi djox Yàalla ndamam* suma ko bëggee ak wóolu ko. Ak suma deefee limuma santt.
Matthew 5:16; John 14:21; 1 John 5:3

Q.5 Lu tax ŋay djox Yàalla Ndamame ?
A. Ndaxtee moma sàakk ak dima topatoo.
Psalm 145:9; 1 Peter 5:7; Revelation 4:11

Q.6 Niata Yàalla mo am?
A. Béenn Yàalla réekk mo am.
Deuteronomy 6:4; Isaiah 45:5; Jeremiah 10:10

Q.7 Ci niàata niit la béenn Yàalla bi am?
A. Yàalla amna ci ñeett niit.
Matthew 3:16-17; John 5:23; John 10:30; John 15:26

Q.8 Kuy ñoñu?
A. Bàay bi, Dóom ji ak Xéell* mu séell mi.
Matthew 28:19; 2 Corinthians 13:14; 1 Peter 1:2

Q.9 Lane móoy Yàalla?
A. Yàalla móoy xeell*. Amul jëmm bu melni bu niitt.
John 4:24; 2 Corinthians 3:17; 1 Timothy 1:17

Q.10 Ndax Yàalla amna fumu tammalee?
A. Déedéet, dafa néekk sàasunee ak Yàalla dina néek sàasunee.
Exodus 3:14; Psalm 90:2; Isaiah 40:28

Q.11 Ndax Yàalla dina sopéeku?
A. Déedéet, Yàalla nimu méel lay méel ba fàawu .
Psalm 102:26-27; Malachi 3:6; Hebrews 13:8

Q.12 Yàalla fumu néekk?
A. Yàalla mi ŋi féepp.
Psalm 139:7-12; Jeremiah 23:23-24; Acts 17:27-28

Q.13 Ndax mënn ŋa gis Yàalla?
A. Déedéet, mënuma gis Yàalla, wayee mome daf may gis sàasunee.
Psalm 33:13-15; Proverbs 5:21; John 1:18; 1 Timothy 1:17

Q.14 Ndax Yàalla xàam na léepp?
A. Waaw, Yàalla xàamna leep. Manuma nëbb dara Yàalla.
1 Samuel 2:3; Proverbs 15:3; Hebrews 4:13

Q.15 Ndax Yàalla mën na déef léepp?
A. Waaw, Yàalla mën na déef léelp lu séell*lumu bëgg .
Isaiah 46:9-10; Daniel 4:34-35; Ephesians 1:11

Q.16 Fane la jaŋee ni may xamee, wóolu , bëggee ak déegal Yàalla?
A. Yàalla jox nama limakoy xamee, wóolu, bëggee ak déegal ko ci kaddóom, Kaddu gu séela gi.
Psalm 119:104-105; John 20:30-31; 2 Timothy 3:15

Q.17 Lane lama Kaddu gu séell gi bi jaŋal?
A. Kaddu gu séell gi jaŋal nama dëgg bi ci Yàalla ak anam bi mu naree àar aduna bi yéepp ci Yeesu Krista. Ak jaŋal ma dëgg gi ci mane.
Psalm 119:159-160; John 17:17; 2 Timothy 3:14-17

Q.18 Kane mo bindd Kaddu gu séell gi ?
A. Niit yi Xéel* mu séell bi saamm ak jaŋal. 2 Peter 1:20-21; 2 Peter 3:15-16

Q.19 Ñan ñoy suñu wàajur yu djëkk?
A. Adama ak Awa.
Genesis 3:20; Genesis 5:1-2

Q.20 Nane la Yàalla sàakkee suñu wàajur yu jëkë ?
A. Yàalla dafa saakë jëmm Adama ci pëndu suuf. Yàalla dafa sàakk Awa ci jëmm Adama.

Genesis 2:7; Genesis 2:21-23; Genesis 3:19; Psalm 103:14

Q.21 Nane la Adama ak Awa wutee ak leeneen lu Yàalla sàakk?
A. Yàalla dafa saakk Adama ak Awa ci meelóom.
Genesis 1:26-27

Q.22 Nane lañuy gisee jëmmu Yàalla ci Adama ak Awa?
A. Yàalla wax naléen li tax mu sàakk leen. War naño xàam luy dëgg. War naño bëgg luy yon. War naño bannéexu ci lu rafeet. War naño déef lu neex Yàalla. War naño wax ak Yàalla ak ci seene biir.
Genesis 1:26-27; Genesis 2:7-9; Psalm 147:10-11; Philippians 4:8

Q.23 Lane la Yàalla jox Adama ak Awa lu weesu seen jëmm?
A. Yàalla jox naléen rùux* bu dul masa dée.
Genesis 2:7; Deuteronomy 6:5; Ecclesiastes 12:7; Matthew 16:26

Q.24 Ndax ni ŋa amee jëmm ŋa amee rùux* ?
A. Waw, am na rùux* bu dul masa dée.
Zechariah 12:1; Acts 7:59; 2 Corinthians 5:8

Q.25 Nane la Adama ak Awa meelóon bi leen Yàalla sàakkee?
A. Yàalla deef na ci ñom séell* ak béegg. Dëkóon neeñu ak mom ci sardée bi mu leen sàakkal.
Genesis 1:26-28; Genesis 2:15-17; Genesis 2:25; Psalm 8:4-8

Q.26 Lane la Yàalla santt Adama ak Awa?
A. Yàalla santt naléen ñu wóolu ko ak déegal ko bu màt .
Genesis 2:15-17; Psalm 8:4-8

PACC NIÀAR
BAKAAR AK YOON

Q.27 Ndax Adama ak Awa déegal nañu Yàalla ak dess nañu ci seen séellay* bi ak mbéeggtee bi?
A. Déedéet, déegaluñu ko. Daño tàann bakàar safàano Yàalla.
Genesis 3:6-8

Q.28 Lane móoy bakàar*?
A. Bakàar móoy suñu déeful lula Yàalla wax ŋu déef. Ak ñu déef li mu teeree.
Romans 1:32; James 2:10-11; James 4:17; 1 John 3:4

Q.29 Lane la bakàar* bu néekk di la yobee?
A. Bakàar* bu néekk dinala yobee méer ak méetitalu Yàalla. Deuteronomy 27:26; Romans 1:18; Romans 6:23; Ephesians 5:6

Q.30 Lane mo neekóon bakàaru* suñu wàajur yu jëkk yi ?
A. Daño leekk ñam bu leen Yàalla teeree.
Genesis 2:16-17; Genesis 3:6

Q.31 Kane mo leene xiir ci ñu bakaar* ?
A. Ibliiss mo ci xiir Awa ak mu jox ñam bi Adama.
Genesis 3:1-5; John 8:44; 2 Corinthians 11:3; Revelation 12:9

Q.32 Lane mo dalóon aduna bi bi suñu wàajur yu jëkk yi bakàaree ?
A. Yàalla dafa waccee wone ap rëbb ci kaw sùuf. Ci la dée waccee ci aduna bi, ndaxtee Yàalla watu wone na leen ko.
Genesis 2:15-17; Genesis 3:16-17

Q.33 Lane mo dalóon suñu wàajur yu jëkk yi bi ñu bakaaree?
A.Yàalla dafa daxx Adama ak Awa ci sardée bi. Ci leen ñakkee seen séell* ak mbéeggtee. Ndaxtee daño bakàar tooñ, rus ak titt
Genesis 3:8-13; 16-19; 23

Q.34 Ndaxli Adama bakàar, lane mo dal keepp ku dundóon ginaw mome ?
A. Beepp niit bu juddu ginaw Adama ak awa juddóone na ci bakàar*.
Psalm 51:5; Romans 5:18-19; 1 Corinthians 15:21-22

Q.35 Ndax Yàalla dafa bàayi aduna bi ci ap rëbb ? Ndax dafa bay mbotaay bi ak seen bakàar ?
A. Déedéet, Yàalla tanena àar leen. Yàalla dik na ni dina yoni ap Musalkat*.
Matthew 1:21; John 3:16-17; 1 John 4:14

Q.36 Lane móoy ap lëkalo*?
A. Ap lëkalo móoy digee bu am solo ci digantee ñàar wala niitt yu bari.

Q.37 Bane lëkalo la Yàalla déef ak mbótaayu Israel*?
A. Yàalla dafa dik jàabootu Ibrahima dëkk bu mak. Digone nanee dina ñàanal dëkk yeepp ŋir Ibrahima. Yàalla joxóon na Moussa yóon. Digone na nekk ak Moussa ak ñàanal Israel ci kaw ñu déegal ko ak toopp yóon yi mu leene jox. Yàalla digone na Daouda nee keenn ci d dóomam yu goor yi dina done bùur bu mak ak ngùuru ba fàaw. Yàalla digone na ni ap bës dina déef lëkalo bu bees. Dig na ni dina bàal bakàaru mbóotaay bi ak sopi xolu mbóotaay bi.

Genesis 12:1-3; Genesis 15; Exodus 24:3-7; 2 Samuel 7:16; Jeremiah 31:31-34

Fuku Ndigël yi

Q.38 Lane móoy fuku Ndigël yi?
A. Fuku Ndigël yi móoy baat yi Yàalla jox Moussa ŋir mbótaayu Israel*.
Yàalla ci bopam mo bindë yuku ndigël yi ci niàari alluwak xéer.
Exodus 31:18; Deuteronomy 9:10

Q.39 Ndigël yoyu yane la?
A. Bul teek beeneen Yàalla ci sama kaw.
Bul wutt xërëm wala jàamu* ko .
DBul jëfëndiko turu Borom bi* sa Yàalla ci anam bu bàaxul.
Bul fatee séellayu bessu Sàaba.
Téeralal sa baay ak sa yaay.
Bul reey keenn.
Bul njàalóo.
Bul sacc.
Bul sosal ca dëkëndóo.
Bul tekk bët ci li sa dëkëndóo am.
Exodus 20:1-17

Q.40 Bane móoy ndigël bu njëkk?
A. Ndigël bu njëkk bi móoy : Bul teek beeneene Yàalla ci sama kaw.

Exodus 20:3; Isaiah 45:5-6

Q.41 Lane la ndigël bu njëkk bi jàŋalee ?
A.. Ndigël bu njëkk bi jaŋal nañu ni Yàalla rek lañu wara jàamu.
Psalm 44:20-21; Matthew 4:10; Revelation 22:8-9

Q.42 Bane móoy ñàareelu ndigël bi?
A. ñàareelu ndigël bi móoy : Bul jàamu* beeneen Yàalla*.
Exodus 20:4-6; Deuteronomy 5:8-10

Q.43 Lane la ñàareelu ndigël bi jàŋalee
A. ñàareelu ndigël bi dafa jàŋale nee bul jàamu ay xërëm wala natàal.
Isaiah 44:10-11; Isaiah 46:5-9; Acts 17:29

Q.44 Bane móoy ñateelu ndigël bi?
A. ñateelu ndigël bi móoy : Bul jëfëndiko turu Borom bi* sa Yàalla ci anam bu bàaxul.
Exodus 20:7; Deuteronomy 5:11

Q.45 Lane la ñateelu ndigël bi jàŋalee ?
A.. ñateelu ndigël bi dafa jàŋalee nee bul jëfëndiko turu Yàalla ci anam bo xàamnee duko téeral*.
Isaiah 8:13; Psalm 138:2; Revelation 15:3-4

Q.46 Bane móoy ñeenteelu ndigël bi?
A. ñeenteelu ndigël bi móoy : Bul fatee séellayu* bessou Sàaba. Exodus 20:8-11; Deuteronomy 5:12-15

Q.47 Lane la ñeenteelu ndigël bi jàŋalee ?
A. ñeenteelu ndigël bi dafa jàŋalee nee na ñuy téeral * Yàalla suñuy nopalu, suñuy ligèey ak suñuy jàamu.
Exodus 16:23; Isaiah 58:13-14

Q.48 Bane móoy jurómelu ndigël bi?
A. Juromelu ndigël bi moy : Téeral* sa baay ak sa yaay.
Exodus 20:12; Deuteronomy 5:16

Q.49 Lane la jurómelu ndigël bi jàŋalee ?
A. Jurómelu ndigël bi dafa jàŋalee nee nañu bëgg ak déegal suñuy wàajur.
Proverbs 1:8; Ephesians 6:1-3; Colossians 3:20

Q.50 Bane móoy juróm beeneelu ndigël bi??
A. Juróm beeneelu ndigël bi móoy : Bul reey keenn.
Exodus 20:13; Deuteronomy 5:17

Q.51 Lane la juróm beeneelu ndigël bi jàŋalee ?
A. Juróm beeneelu ndigël bi dafa jàŋalee nee bul bañe yeeneene mbotaayi wala faat bakanu niitt.
Genesis 9:6; Matthew 5:21-22; 1 John 3:15

Q.52 What is the seventh command Bane móoy juróm ñareelu ndigël bi?
A. Juróm ñareelu ndigël bi ul njàalóo*.
Exodus 20:14; Deuteronomy 5:18

Q.53 Lane la juróm ñareelu ndigël bi jàŋalee?
A.. Juróm ñareelu ndigël bi dafa jàŋalee nee bul tëddeek keeneen kudul sa borom kër wala sa jabàar.
Matthew 5:27-28; Ephesians 5:3-4

Q.54 Bane móoy juróm ñateelu ndigël bi??
A. Juróm ñateelu ndigël bi moy : Bul sacc.
Exodus 20:15; Deuteronomy 5:19

Q.55 Lane la juróm ñateelu ndigël bi jàŋalee?
A. juróm ñateelu ndigël bi dafa jàŋalee nee waro jël lo xàamnee beeneen mbóotaay moko mom.
Exodus 23:4; Proverbs 21:6-7; Ephesians 4:28

Q.56 Bane móoy juróm ñeenteelu ndigël bi?
A. Juróm ñeenteelu ndigël bi móoy : Bul sosal ca dëkëndo.
Exodus 20:16; Deuteronomy 5:20

Q.57 Lane la juróm ñeenteelu ndigël bi jàŋalee?
A. Juróm ñeenteelu ndigël bi dafa jàŋalee nee na ŋa jup ak di wax dëgg.
Psalm 15:1-3; Proverbs 12:17; 1 Corinthians 13:6

Q.58 Bane móoy fukèelu ndigël bi??
A. Fukéelu ndigël bi móoy : Bul tekk bët ci li sa dëkëndo am.
Exodus 20:17; Deuteronomy 5:21

Q.59 Lane la fukéelu ndigël bi jàŋalee ?

A. Fukeelu ndigël bi dafa jàŋale nee na ŋa doylu* ci la ŋa ame.
Philippians 4:11; 1 Timothy 6:6; Hebrews 13:5

Q.60 Ndax mbótaayu yàaxoot yi déegal nañu yóon yi Moussa joxee wone?
A. Déedéet. Daño réero yóonu Yàalla bi té Yàalla meetit naleen, ndax Yàalla watu wone na leene ko.
Deuteronomy 9:12, Ezekiel 39:23

Q.61 Ndax niit man na déef saa sunee li Yàalla diglee ?
A. Adama déegalul Yàalla. Bobu ba leéggi, béen niit mënul déef saa sunee li Yàalla diglee.
Ecclesiastes 7:20; Romans 3:23; James 2:10

Q.62 Lane la fukéelu ndigël yi jàŋale ?
A. Fukéelu ndigël yi dafa jàŋalee nee Yàalla dafa séell ak bàax . Daf ño jaŋal mbëggeel ci Yàalla ak ci suñu dëkëndo. Daf ño jaŋal nee ay bakàarkat leeñu ak duñu déegal Yàalla. Daf ño jaŋal nee soxla nañu Musalkat*. .
Ecclesiastes 12:13; 1 Timothy 1:8-9; Romans 3:20; 5:13; 7:7-11; Galatians 3:19-24

PACC ÑEETT

KRISTA AK MUSLU*

Q.63 Kane móoy Musalkat*. * bi ?
A. Béenn Musalkatu* bakaarkat* yi réekk mo am té móoy Borom bi Yeesu Krista. Luke 2:11; Acts 4:11-12; 1 Timothy 1:15

Q.64 Kane móoy Yeesu Krista ?
A. Yeesu Krista móoy Dóomu Yàalla ba fàaw*.
John 1:1,14,18; John 3:16,18; Galatians 4:4; Colossians 1:15-18; Hebrews 1:1-3; 1 John 5:20

Q.65 Lu tax Yàalla yoni Dóomam ci aduna bi?
A. Yàalla dafa yoni Dóomam ci aduna bi ndaxtee daf ño bëgg. Dafa yoni Dóomam ndaxtee mome móoy Yàallay yërmandée ak yiiw*.
Psalm 103:8-11; John 3:16-17; Romans 5:7-8; Ephesians 2:4-5; 1 John 4:9-10

Q.66 Ndax Yeesu Krista dafa néekk Yàalla ak niitt la ?
A.. Waaw, Yeesu Yàalla bu mat sëkk ak niit bu mat sëkk la.
John 1:1-3, 14; Philippians 2:5-11; Colossians 2:9; Hebrews 2:14-18

Q.67 Bane liggèey la Yeesu Musalkat* bi déefone ?
A. Dafa déegalone Yàalla ci aname yëp ak jëlone meetitu mbótaayu bakaarkat* yi ? Romans 8:3-4; Philippians 2:7-8; Hebrews 4:15; Hebrews 9:14-15

Q.68 Lu tax Yeesu dée ?
A. Yeesu dafa déewal mbótaayu bakaarkat yi ŋir feecc meeru Yàalla
Mark 10:45; 2 Corinthians 5:19-21; Galatians 3:13

Q.69 Nane la Dóomu Yàalla bi ba fàaw* munee metitalël mbótaayu bakaarkat yi?
A. Yeesu Dóomu Yàalla dafa sopèeku niit.
John 1:14; Galatians 4:4,5; Colossians 2:9

Q.70 Nane la Dóomu Yàalla bi sopèeko niitt.

A. Xéel bu séell bi moko jùur* mu juddóo ci Mariama ndaw*mi.
Isaiah 7:14; Matthew 1:18-21

Q.71 Bane xéetu dundu la Yeesu amone ci kaw suf ?
A. Dundu bu yombb, teedë ak woyof.
Matthew 8:20; Matthew 11:28-30; Luke 4:18-19; 2 Corinthians 8:9; 2 Corinthians 10:1

Q.72 Ndax Borom bi Yeesu Krista mas na bakàar* ?
A. Déedéet, dafa yiiw te séell
DJohn 8:29; 2 Corinthians 5:21; Hebrews 7:26; 1 Peter 2:21-23

Q.73 Nane la Yeesu Krista déewee?
A. Krista dafa déewone ci ap kruà*.
Luke 23:33; Galatians 3:13; Philippians 2:8

Q.74 Ndax Krista dafa déesone ci bàameel bi bamu déewee ?
A. Déedéet, Krista dafa déeki ci ñateelu bees bi.
Matthew 28:5-7; Luke 24:5-8; Romans 4:25; 1 Corinthians 15:3,4

Q.75 Ñan la Yàalla di àar ci seen bakàar ?
A. Yàalla dina àar ñi tùub ci seen bakàar. Ak ñi gëm Borom bi Yeesu Krista.
Mark 1:14,15; John 3:16-18; Acts 20:21

Q.76 Lane la tùub* di téeki?
A. Tùub*móoy ma bàalu ŋir sama bakàar. Ak dëdu sama bakàar ndaxtee day toñe Yàalla.
Luke 19:8-10; 2 Corinthians 7:9-10; 1 Thessalonians 1:9-10

Q.77 Lane la gëm wala sax ci Krista di téeki?
A. Sax*ci Krista móoy gëm Yeesu. Mome reekk lañu wóolu ŋiir mu musal ñu.
John 14:6; Acts 4:12; 1 Timothy 2:5; 1 John 5:11-12

Q.78 Ndax mane ŋa tùub* ak gëm Krista ci sa man manu bopp ?
A. Déedéet, fàaw ma am ndimbëlu Xéel* bu Séell bi
Jeremiah 13:23; John 3:5-6; John 6:44; 1 Corinthians 2:14

Q.79 Fane la mbóotaay bi déeggee dëgg bi ci Krista?
A. Ci Gospel* bi, xibàar yu neex yi Musalkat*bi jox mbóotaay yëpp. Mark 1:1; Acts 15:7; Romans 1:16-17

Q.80 Lane la Yessu sunu Musalkat dóon léegi ci neñu?
A. Yeesu Krista dafa dóon suñu Yonéentt, suñu Aabee ak suñu Bùur.
Matthew 13:57; John 18:37; Hebrews 1:1-3; Hebrews 5:5-6; Revelation 1:5

Q.81 Nane la Yeesu Krista doonee Yonéentt*?
A. Ndaxtee daf ñu xàamal kane móoy Yàalla. Ak jaŋal ñu niñu koy bëggelo wee.
Deuteronomy 18:18; John 1:18; John 4:25-26; Acts 3:22; 1 John 5:20

Q.82 Lu tax ñu soxla Krista ci neekinam Yonéent*?
A. Ndaxtee manu ñoo xàam Yàalla ci kudul mom.
Matthew 11:25-27; John 17:25-26; 1 Corinthians 2:14-16

Q.83 Nane la Yeesu Krista doonee Aabee?
A. .Dafa dée ŋir ñune ak wax ak Yàalla ŋir ñune
Psalm 110:4; Hebrews 4:14-16; Hebrews 7:24-25; 1 John 2:1-2

Q.84 Lu tax ñu soxla Krista ci neekinam Aabee ?
A. Ndaxtee suñu bakàar yi dañ ñuy toñeló ak rusló Proverbs 20:9; Ecclesiastes 7:20; Isaiah 53:6; Romans 3:10-12; Romans 3:23; James 2:10

Q.85 Nanela Yeesu Krista doonee Bùur ?
A. Ngùuruna ci ñune ak àar ñu.
Psalm 2:6-9; Ephesians 1:19-23; Revelation 15:3-4

Q.86 Lu tax ñu soxla Krista ci neekinam Bùur ?
A. Ndaxtee daño yoy ak ragal.
2 Corinthians 12:9-10; Philippians 4:13; Colossians 1:11-13;
Hebrews 13:5-6; 2 Timothy 1:12

Q.87 Yane barkee* lañuy am suñu gëmee Yeesu Krista?
A. Yàalla dinañu bàal ak déef ñu done ñu jùp*.
Yàalla bolee nañu ci jabóotam ni ay dóomam.
. Yàalla def na séell* ci xool* ak jëfine ci ñune.
. Yàalla déefna mat ci suñu jëmm ak suñu rùux su suñuy déeki.
Romans 5:18; Galatians 4:4-6; Ephesians 1:5; Hebrews 10:10-14;
1 John 3:2

Q.88 Ndax Yàalla daf ma jox barkée yi ndaxtee dama ko liggèey ci sama jëf bu bax?
A. Déedéet, Yàalla daf ma jox barkee* yi ndax yiiwam*.
Isaiah 64:6; Ephesians 2:8-9; Titus 3:4-7

Q.89 Ndax Yàalla dina néenal barkéelam yimu jox ñi tùub ak gëm ci lu dëggu?
A. Déedéet, Yeesu du masa bàayi ni ko wóolu* ŋiir musal* léen
John 10:27-30; Romans 8:38-39; Philippians 1:6; 1 Peter 1:3-5

Q.90 Lane móoy yiiwu* Yàalla yi?
A.. Yiiwu* Yàalla móoy mbëggeelam ak mbàxam ci nuñe su feekee yeelo wuñuko.
Exodus 34:6; Ephesians 1:7-8; 2 Corinthians 8:9

PACC ÑEENT
XEEL BI AK JÀNGU BI

Q.91 Lane la Yàalla xàar ci ñi wóolu Yeesu ci neekinam Musalkat ?
A. He wants them to be holy in heart* and in behaviour. He wants them to be like Jesus. Dafa bëgg ñu am xol ak jëf yu séell. Bëggena ñu melni Yeesu.
Ephesians 1:4; 1 Peter 1:15; 2 Corinthians 7:1

Q.92 Nane la Yàalla di séellalee suñu xol ak sunu jëf?
A. God gives us a new heart*. And He gives us the Holy Spirit. Yàalla jox nañu xol bu bees. Ak jox ñu Xéel mu Séell mi.
Ezekiel 36:26; Romans 8:1-14; Galatians 5:22-26; Ephesians 1:13

Q.93 Kane móoy Xeel mu Séell* mi ?
A. Xeel mu Séell mi móoy Yàalla. Yàalla Baay bi ak Yàalla Dóom ji ño yoni Xeel mu Séell* mi.
Matthew 28:19; John 14:26, John 15:26; 2 Corinthians 13:14

Q.94 Nane la Xeel mu séell mi neekee ci ñune ?
A. Xeele mu Séell mi móoy dalalkat, andadoo ak Saamka kéepp ku wóolu Yeesu.
John 16:7-8,12-15; Romans 8:14-16; 1 Corinthians 6:19; Ephesians 1:14

Q.95 Nane làa mënn xàamee ni Xeele mu Séela mi miŋ may séellal* ?
A. Dina niro ak sama Musalkat, Yeesu Krista. Dina gis li Xeel mi di jur ci sama xool* ak ci sama jëf.
Colossians 1:9-12; Ephesians 3:16

Q.96 Lane la Xeel mi jur ?
A. Xeel mi day jur mbëgeel, contanetee, jàam, teeylu, mbàx, tabee, sax, daal ak teeylu.
Galatians 5:22-23

Q.97 Ndax di ŋa yóku sàasunee soy tóopp Yeesu?
A. Déedéete. Dina ameà léego léeg ay jafee jafee. Dina am léego léeg méetit wala ñu xàaree ma ni Yeesu momit.
John 15:18-19; 2 Timothy 3:12; Romans 8:23-25; James 1:2-4; 1 Peter 4:12-13

Q.98 Nane la la Yàalla di dimbalee so néekee ci jafee jafee?
A. Jox nama Xeel mi ŋir mu dalal ma. Jox nama jàngu bi ŋir mu dimbëlee ma. Jox nama Digeem ni dina deef leepp ŋir ma am lu bàax ak ŋiir Ndamam.
Romans 5:3-5; Romans 8:18; 1 Thessalonians 5:11; 1 Peter 4:12-19; 1 Peter 5:10

Q.99 Lane móoy Jàngu bu yàatu* bi?
A.Jàngu bu yàatu* bi day taxawal beepp mbóotaay bu déelu ci Yàalla. bi móoy jabóotu Yàalla Baay bi. Móoy jëmmu Krista Dóom ji. Moy fi Xeel mu Séell* mi di dëkk. 1 Corinthians 12:27; Ephesians 3:14-15; Ephesians 5:23; Colossians 1:24;
Hebrews 2:11

Q.100 Lane móoy Jàngu* gox?
A.. Jàngu gox móoy mbóolóop mbótaay bu wóolu Yeesu Krista ak topp jaŋalem yi. Dañuy andd jàamu Yàalla. Dañuy andd déeglu ak jangë mbindë yi. Dañuy samantee ak japalantee. Dañuy andd jùuli ak liggéey ŋir gis ngùuru* Yàalla mu magg. Dañuy batissee gëmekat yi ak leeka Ñamu Borom bi.
Matthew 28:19-20; Acts 2:41-42; Acts 8:36-39; Acts 14:23; Romans 6:1-5; 1 Corinthians 11:23-26; Titus 1:5

Q.101 Ndax mane ŋa bokk ci ap jàngu gox?
A.. Waaw. Jàngu gox móoy mboloo bi may dimbalee ma magg ak dëgërël sama sax. Fofu lay jaŋee déegal li Yeesu santàanee bees.
Hebrews 10:24-25

Q.102 Lane móoy santàanee bu bees bi Yeesu jox Jàngu bi?
A. Yeesu dafa waxone, bëggëntee leen. War ngeena bëggëntee lu tolóok nima leene bëggee.
John 13:34

Q.103 Nane leeñu mënee wanee bëggëntee bobu?
A. Ñu ŋi wanee bëgentee bobu suñuy déeflantee lu bàx , ñanalantee ak balantee. Ñu ngi wanee bëgentee bobu suñuy téeralantee, dimbalantee, ak japalante. Ñu ngi wanee bëgentee bobu suñuy waxantee dëgë ak djitël soxla ñeeneen yi bala suñu bos.
Romans 12:10; Ephesians 4:32; Colossians 3:9,13; 1 Thessalonians 4:18; James 5:16

Q.104 * Lane móoy Batissm*?
A. Ci batissm ki djitee jàngu bi day dugal ap niit ci ndox ap diir. Ganaw lolu ñu geenee niit bi ci ndox bi. Dañuy déef lolu ci turu Baay bi, Dóom ji ak Xéel* mu séell mi.
Matthew 3:6,16; Mark 1:5; Acts 8:12

Q.105 Kane lañu wara batissee*?
A. Batissm* ŋir keep ku tùub ci bakàaram la. Dafa am ŋir kéepp ku gëm Krista ŋir muslu*.
Acts 2:38,39; Acts 8:36-37; Acts 16:30-33

Q.106 Lane la Batissm* di téeki?
A.. Batissm móoy liy firndéel beenóo gëmekat bi ak Krista bi bimu done dée, bi ñu ko suulee ak bimu done déeki. Day wanee ni ci Jàangom la bokk.
Acts 16:30-33; Romans 6:3-5; Colossians 2:12

Q.107 Nane la Kreetieen yi di fatali wanetee ni Yessu déewee ŋir ñóom?
A. Dañuy boku Ñamu Borom bi.
Mark 14:22-24; 1 Corinthians 11:23-29

Q.108 Lane móoy Ñamu Borom bi?
A. Ci Ñamu Borom bi* dañuy leekk mburu ak nàan kaase bi. Déef nañu ko ŋir fataléeku déewu Yeesu Krista.
Mark 14:22-24; 1 Corinthians 11:23-29

Q.109 Lane la mburu di téeki?
A. Mburu buñu damm dày firndéel jëmmu Krista biñu damë. Dafa dée béenn yóon ŋir suñu bakàar.
Matthew 26:26; 1 Corinthians 11:24

Q.110 Lane la kaase bi di téeki?
A. Kaase bi day firndéel déereetu Krista. Da nàcci béenn yóon ŋir suñu muslu*.
Matthew 26:27-28; 1 Corinthians 11:25; Hebrews 9:26-28

Q.111 Kane mo wara leekk Ñamu Borom bi*?
A. Ñi tùub ci seen bakàar ño mome Ñamu Borom bi*. Ñi gëm Krista ŋir muslu* ño mom Ñamu Borom bi*.
1 Corinthians 10:16,17; 1 Corinthians 11:18-29

Q.112 Kane móoy jox jàngu* bi batissm* ak Ñamu Borom bi*?
A. Borom bi* Yeesu Krista.
Matthew 26:26-29; Matthew 28:18-20

Q.113 Lu tax Yeesu Krista jox jàngu bi batissm* ak Ñamu Borom bi*?
A. Yeesu Krista joxeena yoyu ŋir wanee ni mo mom mbóotaayam. Jëfe yóoyu dañuy fatali li Yeesu déef ŋir ñune. Matthew 28:19; Romans 6:1-5; 1 Corinthians 11:23-26

Q.114 Bane ndigël bu mudju ci kaw suuf la Krista djoxóon Jàngume* bi?
A. Sañ sañ yeepp ci asamàne ak ci sùuf may nama ko. Mo tax ma déem utti ay tàalibee* ci dëka yëp. Batisseeleene ci turu Baay bi, ak Dome ji ak Xeele mu Séell mi. Jaŋal leen déegal leepp luma leene sanett. Ak naleen léer ni sàasunee ma ŋi ak yeen ba ci mujantal bi.
Matthew 28:18-20

Q.115 Lane móoy Beesu Borom Bi ?
A. Beesu Borom Bi móoy bes bu djëkk ci ayubees bi. Kreetieen yu djëka yi déeñ dane booloo ŋir jàamu* ci bees bobu.
Acts 20:7; 1 Corinthians 16:2; Revelation 1:10

Q.116 Lu tax ñu kay wowee Besu Borom* Bi ?
A. Naxtee bees bobu la Krista déekkee.
Matthew 28:1-6; Luke 24:1-6; John 20:1

Q.117 Nane lañu gëna munee dundu Besu Borom Bi?
A. Dinañu gëna mun Dundu Beesu Borom Bi suñu booloo ak mbóotaayu Yàalla bi ŋiir jàamu* ko ak japalante* ci suñu sax.
Psalm 27:4; Romans 12:9-13; Colossians 3:16

PACC JUROME
JULI AK YAKAAR

Q.118 Lane móoy julli?
A. Julli móoy soy wax ak Yàalla. Ñu gërëm ko ci mbàaxam. Ñu tùupp suñuy bakàar*. Ñu ñaan ko ay mbir yuko neex.
Matthew 6:6; Philippians 4:6; 1 John 5:14

Q.119 Ci turu kane lañu wara julli?
A. Dañoo wara julli ci turu Yeesu. John 14:13-14; John 16:23

Q.120 Kaañe ak faan lañu wara julli?
A. War naño julli ci Yàalla funee, saasunee.
Matthew 6:6; Ephesians 6:18; Acts 21:5; Colossians 4:2

Q.121 Lane lañu Yeesu jox ŋir jàŋal ñu julli ?
A. Yeesu jox nañu Jullip Borom* bi.
Matthew 6:9-15; Luke 11:2-4

Q.122 Lane móoy Jullip Borom* bi?

A. ѕuñu Baay, bi ci asamaane*,
Na sa tur teedë*,
Na sa Ngùur* dikk,
Loo bëgg na ame ci suuf naka ca asamaan*.
May ñu tey suñu dundu bees bu neek,
Bàale ñu suñuy tooñe*,
Naka ñuy bàale ña nu tooñe.
Bul ñu baayi ñu taabi ci Ibliis,
Wantee musal ñu ci lu bone*..
Matthew 6:9-13

Q.123 ñata ñàan mo neekk ci Jullip Borom* bi?
A. Amna juróom béenn ñàan.

Q.124 Bann ñàan mo djëkk?
A. "Na sa tur teedë."
Matthew 6:9; Luke 11:2

Q.125 Lo tax ñuy julli ŋir ñàan bu djëkk bi ?
A. Dañuy ñàan ndax mbótaay yëpp nàaw turu Yàalla.
Psalm 8:1-2; Psalm 72:18-19; Psalm 113:1-3

Q.126 Bane móoy ñareelu ñàan bi?
A. " Na sa Ngùur* dikk."
Matthew 6:10; Luke 11:2

Q.127 Lo tax ñuy julli ŋir ñareelu ñàan bi?
A. Dañuy julli ŋir mbótaayu aduna bi yëpp déegg ak gëm xibàar yu néex yi. Dañuy julli ŋir ñu déegal Yeesu ci neekinam Borom*. John 17:20-21; Acts 8:12; Acts 28:30-31; Revelation 11:15

Q.128 Bane móoy ñateelu ñàane bi?
A. " Loo bëgg na ame ci suuf naka ca asamaan.*."
Matthew 6:10

Q.129 Lo tax ñuy julli ŋir ñateelu ñàane bi?
A. Dañuy julli ŋir mbótaayi ci suuf bi jëf ni ko Yàalla bëggee ci anam bu neekk, niko malàaka yi di déefee ca asamaan* Psalm 103:19-22; Psalm 143:10

Q.130 Bane móoy ñeenteelu ñàane bi?
A. " May ñu tey suñu dundu bees bu neekk."
Matthew 6:11; Luke 11:3

Q.131 Lo tax ñuy julli ŋir ñeenteelu ñàan bi?
A. Dañuy julli ŋir Yàalla may ñu leepp lu suñu jëmm soxla.
Psalm 145:15-16; Proverbs 30:8-9; Matthew 6:31-33

Q.132 Bane móoy juróomeelu ñàan bi?
A. " Bàale ñu suñuy tooñe, naka ñuy bàale ña nu tooñe."
Matthew 6:12; Luke 11:4

Q.133 Lo tax ñuy julli ŋir juróomeelu ñàan bi?
A. Dañuy juli ŋiir Yàalla bàal* ñu suñuy bakàar*. Ak julli ŋiir Yàalla dimbalee ñu bàal ñi nu tooñ.
Psalm 51:2-3; Matthew 5:23-24; Ephesians 4:32

Q.134 Bane móoy juróom beeneelu ñàan bi?
A. Bul ñu baayi ñu taabi ci Ibliis*, Wantee musal ñu ci lu bone..
Matthew 6:13; Luke 11:4

Q.135 Lo tax ñuy julli ŋir juróom beeneelu ñàane bi ?
A. *. Dañuy julli ŋir Yàalla musal ñu ci bakàar*. Ak musal ñu ci Ibliis.
Psalm 119:11; 1 Corinthians 10:13; 2 Timothy 4:18

Q.136 Lane lañu julli di jàŋal?
A. Julli daf ñu jàŋal ni daño wara wóolu* Yàalla bu màt ŋir mu dimbalee ñu. Ephesians 6:18; Philippians 4:6; Hebrews 4:16

Q.137 Fane la Krista bi neek léegi?
A.Krista bi léegi mi ŋi ci asamàne*, ci ndayjóoru Yàalla Baay bi.
Mark 16:19; Acts 5:31; Romans 8:34

Q.138 Ndax Krista dina ñëwàat ci suuf ?
A. Waaw, dina ñëw ŋir néekk attéekatu mbótaay yëpp ci aduna bi ci bées bu muju bi. Ak dina musal ñi ko done xàar.
Matthew 25:31-32; 2 Thessalonians 1:7-9; 2 Timothy 4:1; Hebrews 9:28

Q.139 Lane móoy dall ñi jùup* suñu déewee?
A. Jëmmi ñi jùup* day déelu ci pëndu bi. Séen ruux* day neekk ak Borom* bi.
Genesis 3:19; Ecclesiastes 12:7; 2 Corinthians 5:8

Q.140 Lane móoy dall mbótaay yu bone yi suñu déewee?
A. Jëmmi ñu bone yi day déelu ci pëndu bi. Dinañu méetital séen ruux*. Yàalla dina léen deñc ba bees bi muy attée.
Luke 16:23-24; John 5:28-29; 2 Peter 2:9

Q.141 Ndax ñi dée dinañu dundàat?
A. Waaw, ñi dée ñëpp dinañu dundàat su Krista ñëwàatee.
Daniel 12:2; John 5:28-29; Acts 24:14-15

Q.142 Lane móoy dal mbótaay yu bone yi bees bu Krista di ñëwàatee ŋir attée ?
A. Yàalla dina léenn mbugàl ci safàara* ak nóott budul jéex. Dinañu léenn dàaxx bañu sori Yàalla ba fàaw.Matthew 25:41,46; Mark 9:47,48; Luke 12:5; Luke 16:23-26;2 Thessalonians 1:9; Revelation 20:12-15

Q.143 Lane móoy dall mbótaay yi jùub*?
A. Mbótaay yi jùub* dinañu àam dùndu bu àam mbéegtee ak Yàalla. Dinañu dundu ba fàaw ci ap asamàne bu béess ak ci ap suuf bu béess.

Isaiah 66:22-23; 2 Peter 3:13; Revelation 21:2-4

Q.144 Nane la asamàne* bu béess bi ak suuf bu béess bi méel ?
A.. Ci asamàne bu béess bi ak ci suuf bu béess bi dinañu néekk ak Yàalla. Duñu mosa bakàar. Duñu mosa dée. Fofu du àm béenn rëbb. Fofu du àm béenn naxàar ak béenn méetit. Duñu mosà tóoñ, ragàal wala rùus. Dinañu xàam bàaneex bu jugée ci Yàalla.
Hebrews 12:22-23; Jude 24; Revelation 21:1-5; Revelation 22:1-4.

ALLUWA BAATT

Bàat	**Fiiri**
Bàayalee	Bàayalee móoy jëf bu yóon nàagu ŋir ap niitt déem ci ap njaabóott. Niitt bóobu léegi day méelni dóom bumu jùur. Bu djakk, ay doxandéem lañu wóon ci Yàalla ak ci nóonu Yàalla yi. Wayee léegi Yàalla tuddee nañu dómam bumu jùur.
Njàalóo	.Njàalóo téekina tëddeek ku dóonul sa jabàar wala sa jëkërr.
Malàaka	Malàaka móoy ap jàami Yàalla bi kay yóbul batàaxalam yi. Malàaka ap xeel* la. Malàaka day wax lu bàax ci Yàalla. Malàaka dàay déef li Yàalla bëgg. Malàaka day déefal lu bàax mbótaay yi boku ci njaabóotu Yàalla. Malàaka bu bone dàay ligéeyël Ibliss.
Batissm/Batissee	Ki jiitee jàngu* bi day dugal ci ndox niit bi ap diir. Ganaw lolu ñu geenee niit bi ci ndox bi. Dinañu wàanee tamitt ni ñëpp ci jàngu* bi lañu bóokk. Suñuy batissee dina ñu fàatali Yeesu mi dée. Ay góor dañu ko deefóon ci ap bàameel. Wayee dafa déekki.
Gëmekat	Ap gëmekat móoy ap niit bu xàam ak wóolu Krista
Barkée	Barkée moy yu bàax yi Yàalla diñu déefal. Suñu waxee Yàalla mu barkèel ñu, dañu koy wax mu dimbalee ñu ak déef mbàax ci ñune.
Jùur	Waxtu boy amée dóom bi dùndu bu bées di tàmmalee ci jëmmu jigéen.
Doylu	. Doylu móoy béegg ci li ŋa am. Ŋa xàamnee li ŋa am doynala.
Jàngu	Jàngu bi móoy mbóolóop mbótaay bu tóopp ak gëm léepp ci Yeesu Krista. Dañuy andë dajée. Dañuy batissée*gëmekat* yi. Dañuy léekk Ñamu Borom bi. Dañuy déegal li Krista bi ŋagàalee.
Kruà	A cross is two pieces of wood fixed together. When Jesus lived, people fixed criminals to a cross in order to kill them. Jesus died on a cross. Ap kruà móoy ñàari dagitu bàantt yuñu bóolee tàakk. Bi Yeesu done dundu, ay mbótaay dañu dàan tàakk ñi réey niit ci ap krua ŋiir réey léenn. Yeesu dafa dée ci ap krua.
Rëbb	Tùur bu màagg bu mënn indàalee yàaxutee wala méetit ci kéenn wala léenn.
Ibliiss	Ibliiss* móoy benéen tùuri Seytàanee *. Seytàanee *móoy malàaka bi gënn yéess ci malàaka* yu bone yi [xólal malàaka].
Tàalibee	Ap tàalibee móoy niit bu tóopp béeneen niit ak jàngg ci móom. Niit bu gëm Yeesu. Nitt buy tóppu li Yeesu jàaŋalee.

Ba fàaw	Mbiir bu neekkóone sàasunee wala dina wëy di néekk sàasunee. Mbiir bu amul fumu dóoree wala fumu djéexée.
Sax	. Sax téekina gëm kéenn wala léenn. Wóolu* ak gëm Yàalla. Xàamnée Yàalla am na, attàa suñu ko giisul.
Bàal	Bàal moy wannee mbëgéel ak baña fàataleeku lu bone lila kéenn déef. Suñu Yàalla bàalee, du japp mbiir yu bàaxul yi ñu ko déef.
Ndam	. Ndamu Yàalla moy leepp luy réefeetal ak màaggal, melni bùur bu màagg.
Yiiw	. Yiiw moy ap néexalu Yàalla buñu mënul jot ndax djëf ju bone yu ñu déef. Yiiw moy li Yàalla di djoxee ndax baxàayam ci ñune. Bàalee ak ndimbal yu bayéeko ci móom.
Xol	Xol moy li gënn am solo ci ap niit. Ci niit pacc bi biy yëk ak xalàat ak tàann ay mbiir.
Asamane	Asamane moy baràab bi Yàalla ak Krista néekk. Yàalla fofu la dëkk ak fofu lay ngùuru. Asamane moy baràab bi mbóotay yu xàam dëgg Yàalla ak Yeesu di déem suñu déewee. Baràap bi mbóotay yi di béegg sàasunee ak ñakk tolof tolof. Asamane bu bées bi ak suuf bu bées bi moy done këru mbóotay yi xàam Yàalla.
Safàara	. Safàara moy baràab bi Yàalla di taxaléeko ak ñi bone. Safàara moy baràab buñuy méetitalee mbóotay bu bone su déewee.
Séell	. Ku séell moy ki jox bopam Yaala. Méel ni Yaalla méel. Am diinee. Suñu séellee duñu ame bakaar. Dañuy séet ginàaw Yàalla.
Xéel mu Séell mi	. Xéelu Yàalla [xóolal xéel] mi Yessu yóonee ŋir dimbalee mbóotayam. Xéel mu Séell mi moy béeneen turi yàalla.ñu kay woowee tamit Xéelu Yàalla, Xéelu Krista ak Xéel buuy dimbalee. Xéel mu Séell mi ap niit la, wayee du domu Adama ni ñune. Yàalla la, tolóok Yàalla Bayy bi ak Yàalla Dóom ji [xóolal tamit ñatt ñi]. Day déef ligéeyu Yàalla ci biir mbótaayu aduna bi. Kéenn du gis Xéel mu séell mi wayee mi ŋi dundu ak néek ci biir ñi xam Yeesu.
Teeral	Teeral kéenn moy wax ak mome ci wax bu reeféet. Jëf jëfine bu reeféet ak ap niit ndaxtee da ŋa ko fóonk ak naaw ko.
Téedë	. Jëf jëfine bu reeféet. Dundu ci anam bo wamni di ŋa fóonk Yàalla ak mbóotayam. Néekk ap niit buy déef mbiir yu bax ak jùub.

Xërëm	An idol is a thing made of wood, stone or metal to which people pray. They should worship* God. An idol is a picture of a person or a thing one loves instead of God. An idol is a false god. Something that somebody loves more than God. Ap Xërëm moy luñu déefaree banett, xéerr wala wéeñ ŋir ñiy julli ci mome. Daño wara jàamu Yàalla. Ap xërëm moy ap natàalu niit wala mbiir bu keenn bëgg budul Yàalla. Ap xërëm moy yala bu dul dëgg. Dara lu keenn bëgg lu ràaw nimu bëgge Yàalla.
Israel	Suuf bi yàaxoot yi di dundu. Mbóotayu Israel moy béeneen turi yàaxoot yi. Ay doomu Ibrahima, Isàaxa ak Yaŋxóoba lañu.
J Yàaxoot	Ap yàaxoot moy ap nitt bu juddu ci Ibrahima, Isàaxa ak Yaŋxóoba, ak séeni doome. Ap nitt bu sax ci Yàaxoot yi.
Ngùur	. Ap ngùur moy fi ap bùur di ngùuróo. Suuf bi ap bùur di ngùuróo. Ngùuru Yàalla moy fi Yàalla di ngùuróo.
Yóon	Rules that a ruler makes to tell people how to live. The rules God gave Moses for the people of Israel. Ay sart yi atekat bi téek ŋir wax mbóotayam nimu wara dùundee. Ay sart yi Yaala diox Moussa ŋir mbóotayu Israel.
Lord Borom	. Borom bi moy tùuru Yàalla ci Kaddu gu séela gi. Téekina ni mo sutt mbiir yëpp ak jiitee mbiir yëpp. Tuur buñuy jëfëndiko ŋir Yeesu suñu ko déegalee.
Yonéentt	Ap yonéentt neekon na ki munona wax yéeneen mbóotay yi li Yàalla bëgg. Yonéentt yi done nañu wax ci tùuru Yàalla ay att ci ganàaw. Kéenn ku munona wax ay mbiir yi wara am ëlëk.
Yóku	. Yókutee moy bannéexu ci mbiir yu bàax. Yókutee moy am wéer gu yaram wala am xàalis. Dinañu am yókutee su mbóotayi di wax lu refét ci ñun. Suñuy am Yókutee suñuy bannexóo mbàaxu yéeneen mbóotay.
Déelu	Jëndàat dara ci kaw mu réeróon wala ñu jëlóon ko.Fay béenn jëkk ŋir jëddal sa bopu dara.
Tùub	Tùub moy déelu ci wàat ginàaw bakàar*. Déef li ñu Yàalla santë. Tàann baña déefàaat mbiir bu bone bó déefóon ci lo wéesu.
Fóonk	. Fóonk téekina ŋa topató kéen melni daño am dayo bu rëy.
Déekki	Déekki téekina xippi ginaw dée. Dundàat.
Jùub	Jùub téekina wanée jùub ak Yàalla. Ñi jùub moy mbóotay yi jùub ak Yàalla. Su Yàalla deefee ap nitt mu jùub ak mome, day gis niit bobu ni ko séett. Nitt bu jùub moy xaritu Yàalla ak neekul nónam.

Sàaba	Sàaba bi mo neekón bi Yàalla done nopalu ginaw ligéeyu sàakkam bi. Sàaba bi moy bees bi Yàalla waxone Yàaxoot*yi ñu nopalu. Bees bu rañeku wone la si la ñuy nopaloo ak jàamu Yàalla.
Musal / Muslu	Muslu moy suñu Yàalla àaree ci mujjantal ak kàttanu bakàar*. Ñu musal la wala àar la ci mbiir bu bone.
Seytàanee	Seytàanee mou béeneen turu Ibliss*. Seytàanee* moy malàaka* bi gënn bone[xóolal malàaka].
Musalkat	. Yeesu Krista moy Musalkat bi. Ki ñu deelo ci Yàalla ak àar ñu ci mbugël ŋir mbiir yu bone yu ñu déefone.
Bakàar/ Bakàarkat	Bakàar moy ay mbiir bu bone bi mbóotay déef yu safàano Yàalla wala safàano béeneen mbóotay. Suñu toppul sart yi Yàala téek, dañuy bakàar. Mbóotay yëpp ay bakàarkat lañu ndaxtee dañuy déef ay mbiir yu safàano Yàalla wala béeneen mbóotay. Mbóotay yëpp ay bakàarkat lañu ndaxtee daño juddu ak ay bëgg bëgy yu bone.
Rùux	Rùux bi moy paccu niit buñu munul gis bu néekk ci ñun suñuy dundu, ak didundu ginaw ñu dée. Yàalla jox na rùux Adama ak Awa bimu léen dundalee. Rùuxu ap nitt dinañu ko wóowee léego léeg xéelu* nitt ki [Xóolal xéel].
Xéel	Ap xéel moy néekin bu amul jëmm ak kéenn manuko gis, mënn na bàax wala bone. Rùuxu* nitt dinañu ko wóowee léego léeg xéelu nitt [Xóolal rùux].
Ñeett Ñi	Ñeett Ñi moy tur bu ñu faral di wóowee Yàalla Kéenn ki bi néekk ñatt nitt : Yaàalla Bayy ji, Yàalla Dome ji(Yeesu) ak Yàalla Xéel mu séell mi*.
Wóolu	Wóolu moy tóopp lo xamnee wala ko xamnee fóok ŋa ni dëgg la. Am sax* ak jëfee ak sax* [xóolal sax].
Ndaw	Ap ndaw moy nitt buñu masta tëdee .
Jàamu	Jàamu moy wan Yàalla ni mo màagg ak ni bëgg neeñu ko bu bàax. Jàamu moy téeral [xóolal téeral] ak santt Yàalla. Luñu wara déef suñu néekkee ak Yàalla.

Ki ko meegëlee móoy :
www.clearandsimplemedia.org

So bëggee am téerée bi ci sa nosukàay, deemal :
www.asimpleword.org

Ki ko firi móoy:
www.christian-translation.com